

Aktivite pou pwofesè

Sezon 1, Epizòd 4 - Fotosentèz - Lili ak Tilou plante grenn kajou




Aktivite 1

Mete grenn jèmen:

Mande timoun yo plante diferan kalte semans/grenn. Mande yo kontwole kantite tan chak grenn pran pou li jèmen.

Aktivite pou pwofesè

Sezon 1, Epizòd 4 – Fotosentèz – Lili ak Tilou plante grenn kajou



Aktivite 2

Aprann timoun yo mezire:

Mande timoun yo mezire wotè yo, epi gade konben yo peze. Anvan nou sèvi ak pèz la oswa mèt la, mande yo evalye dapre eksperyans pa yo ki wotè yo ye, ki wotè zanmi yo ye.